

Komisyon Konpansasyon Aksidan nan Travay Eta New York Afidavit pou Alokasyon nan ka Lanmò

<p>Kòman pou w ranpli afidavit pou touche frè konpansasyon nan ka lanmò yon travayè</p>	<p>Sibvansyon pou lanmò nan ka aksidan nan travay</p>
<p>1. Yon moun k ap chèche touche konpansasyon nan ka lanmò yon travayè sipoze ranpli afidavit sa. Tout moun kap fè reklamasyon dwe ranpli Seksyon A, Seksyon B epi Seksyon 1. Sou baz relasyon ou ak moun ki mouri an, ou dwe ranpli seksyon annapre yo:</p> <p><u>Konjwen yo</u>: 1 Sek. 2(ak sek 3 si gen pitit). <u>Paran oswa responsab Timoun</u>: Sek. 3. <u>Paran, granparan depandan</u>: Sek. 4. <u>Pitit pitit, Frè ak sè Depandan</u>: Sek 5. <u>Paran ki pa Depandan</u>: Sek. 6. <u>Reprezantan Legal pou byen moun ki mouri a</u>: Sek. 7.</p> <p>2. Ou sèlman dwe ranpli seksyon ki sot site yo ki konsène relasyon ou ak moun ki mouri a. Bare tout seksyon oswa paragraf ki pa valab pou w ou ak yon X.</p> <p>3. Enprime pou moun ka li byen. Ajoute nimewo sekirite sosyal moun ki mouri a sou chak paj, epi Nimewo Ka WCB a ki nan paj 3, si ou konnen li.</p> <p>4. Reponn ak plis presizyon posib. Reli afidavit la apre ou ranpli li pou asire ou li egzat paske w ap gen pou w sèman se verite. Fwod konpansasyon pou aksidan nan travay se yon krim yo pini ak amann epi prizon.</p> <p>5. Notarye afidavit la. Poste afidavit la ki ranpli epi ki notarye, ak tout lot dosye, bay Komisyon Konpansasyon pou aksidan nan travay la nan adrès anba a.</p>	<p>1. Lalwa bay plis pase \$12,500 pou depans fineray downstate (zòn sid), ak \$10,500 upstate (zòn nò), depandan nan ki konte kote depans yo ap fèt la.</p> <p>2. Lalwa bay tou alokasyon chak semèn jiska yon kantite maksimòm, ki baze sou dat aksidan, pou sa ki annapre yo: (a) konjwen legal ki vivan toujou a jiskaske konjwen lan remarye, (b) pitit defen an jiska 18 an daj (23 zan si yo ale nan yon enstitisyon fòmasyon akredite kòm etidyan foultaym), ak (c) nenpòt timoun depandan nan nenpòt laj ki avèg nèt oswa andikape nèt ak pou tout lavi yo.</p> <p>3. Si defen an pa kite konjwen oswa timoun depandan, lalwa ap bay alokasyon chak semèn pou pitit pitit oswa pou frè ak sè ki poko gen 18 an ki te sou kont defen an; oswa pou paran oswa granparan ki te sou kont Defen an pou l viv lè Defen an te mouri.</p> <p>4. Si pa gen okenn moun ki gen dwa resevwa alokasyon pou lanmò chak semèn, yo ka peye paran Defen an \$50,000 oswa lajan pral nan byen moun lan si paran yo mouri.</p> <p>5. Si ou resevwa lajan poutèt yon move zak ki lakòz lanmò, lalwa ap pèmèt konpayi asirans lan gen yon privilèj oswa yon kredi kont lajan sa. Dwa pou privilèj ak kredi konpayi asirans lan ka afekte kapasite ou pou w resevwa alokasyon aksidan travay la jiskaske privilèj oswa dwa kredi a fini. Li enpòtan pou konseye asirans lan sou eta yon move zak ki lakòz lanmò, ak pou jwenn konsantman li avan regleman.</p>

Si w gen kesyon, rele Biwo Defansè Dwa Travayè nan ka Aksidan: 1-800-580-6665.

**NYS Workers' Compensation Board
(Komisyon Konpansasyon pou Aksidan nan Travay Eta Nouyòk)
Centralized Mailing
PO Box 5205
Binghamton, NY 13902-5205**

Seksyon A: Tout Aplikan

Tout aplikan yo dwe ranpli paj sa epi fè yo notarye dokiman sa nan denye paj la, Seksyon B. Poste afidavit sa ak tout lòt dokiman yo bay Komisyon Konpansasyon pou Aksidan Travay.

Nan Zafè Reklamasyon pou	
_____	, Moun kap fè reklamasyon an
<i>(Non ak Siyati)</i>	
Kosènan lanmò	
_____	AFIDAVIT
_____	, Defen an
<i>(Non ak Siyati Defen an)</i>	
	WCB # _____
v.	WCL § 16
_____	, Patwon
<i>(Non patwon defen an lè li Mouri an)</i>	

<i>(Adrès patwon an)</i>	

Eta _____
(Eta kote ou notarye papye sa a)

Konte _____
(Konte ou notarye papye sa a)

Mwen, yo te fè semante, m ap fè depozisyon epi deklare nan dokiman sa (reponn seksyon annapre yo, lè sa valab):

Nimewo sosyal sekirite Defen an: _____

Seksyon 1: Tout Aplikan

Tout aplikan yo dwe ranpli seksyon sa. Tache sa ki anapre a si yo valab. Tcheke kare a si li la.

- Sètifika lanmò (obligatwa).
- Kopi dokiman Komisyon an ka sèvi pou detèmine salè total chak semèn Defen an te resevwa pou tout travay li pandan yon lane anvan lanmò li (souch chèk salè, fòm W-2, elatriye)
- Kopi resi oswa lot dokiman ki gen rapò ak depans ki fèt pou antèman an.
- Kopi konsantman konpayi asirans lan pou rezoud yon move ak ki lakòz lanmò.

1. Mwen se moun kap fè reklamasyon an. Mwen rete _____
(lari, vil, eta, kòd postal)

Nimewo telefòn mwen se _____.
(aryè kòd, nimewo)

Nimewo Sosyal Sekirite mwen se _____
(Tout nèf chif yo)

Mwen se _____ Defen an.
(mari, madanm, pitit, paran, granparan, frè, sè, pitit-pitit, reprezantan byen)

2. Adres patron ou te nonmen anlè a _____
(lari, vil, eta, kòd postal)

3. Dat defen an te fèt se _____
(mwa, jou ak ane)

Nimewo Sosyal Sekirite Defen an se _____
(Tout nèf chif yo)

Dat lanmò defen an se _____
(mwa, jou ak ane)

Jou lanmò li, Defen an _____ ki tap travay pou patwon non l ekri anlè a.
(te oswa pa te)

Nan dat _____, Defen an te nan _____
(dat ak lè lanmò a) (lari, vil ak eta)

epi li te okipe ap _____
(kisa Defen an tap fè nan lè li mouri an)

epi li mouri akòz _____
(esplike kijan Defen an jwenn lanmò li)

4. Salè angwo Defen an (ki gen ladan **lè siplemantè ak tep**) pou travay sa a te \$ _____,
(kantite lajan)

epi tou \$ _____ pou _____, te konn peye son yon _____ baz.
(kantite lajan) (lojman, lwaye, manje, elatriye) (chak semèn, chak de semèn, elatriye)

5. Defen an _____ lot travay nan moman lanmò a, avèk
(te genyen oswa pat genyen)

_____, te chita nan _____
(Non lòt travay lan, si te gen youn) (lari, vil, eta, ak kòd postal)

Salè angwo Defen an (ki gen ladan **lè siplemantè ak tep**) pou lòt travay sa a te \$ _____,
(kantite lajan)

epi tou \$ _____ pou _____, te konn peye son yon _____ baz.
(kantite lajan) (lojman, lwaye, manje, elatriye) (chak semèn, chak de semèn, elatriye)

Nimewo sosyal sekirite Defen an: _____

Komisyon Konpansasyon Aksidan nan Travay Eta New York Afidavit pou Alokasyon nan ka Lanmò

6. Depans fineray pou Defen an \$ _____ te peye. Mwen mande ranbousman nan men patwon an
(kantite lajan)
epi/oswa konpayi asirans lan.

7. Nan sak gen pou wè ak lanmò Defen an, mwen _____
(ap planifye pou m pouswiv, te komanse; rezoud)

yon move zak ki lakòz lanmò kont _____
(Non pati an fot la)

Mwen rekipere \$ _____ nan move zak ki lakòz lanmò a, sa ki te regle nan _____
(kantite lajan) (dat)

Seksyon 2: Konjwen yo

Konjwen k ap chache alokasyon ta sipoze ranpli seksyon sa. Tache sa ki anapre a si yo valab. Tcheke kare a si li la.

- Kopi yon ak maryaj (obligatwa)
- Papye ki montre premye maryaj ou, si genyen, te fini.
- Papye ki montre premye maryaj Defen an, si genyen, te fini.
- Yon kopi yon atribisyon sosyal sekirite si w ap resevwa alokasyon pou moun mò a kite dèyè

8. Mwen se konjwen moun ki te mouri an, epi mwen ap cheche alokasyon pou tèt mwen.

9. Non jenn fi mwen se _____
(bay non jenn fi ou, si se leka)

10. Dat ou fèt _____
(mwa, jou, ane)

11. Mwen te marye ak Defen an nan dat _____ nan _____
(mwa, jou, ane) (vil ak eta)

12. Mwen _____ marye anvan mwen te marye ak Defen an.
(te oswa pa te)

13. Defen an _____ marye anvan li te marye avèk mwen.
(te oswa pa te)

14. Nan dat Defen an mouri a, mwen te toujou marye avèk Defen an.

15. Nan dat lanmò Defen an, nou _____ viv ansanm, e _____
(te oswa pa te) (te oswa pa te)

Yon pwosedi separasyon an atant pou mete fen ak maryaj la.

16. Apre lanmò Defen an, mwen _____ remarye. Dat remaryaj la se _____
(te oswa pa te) (mwa, jou, ane)

17. Mwen _____ gen pitit avèk Defen an.
(te oswa pa te)

18. Defen an _____ gen pitit avèk yon lòt moun.
(te oswa pa te)

Nimewo sosyal sekirite Defen an: _____

Seksyon 3: Timoun yo

Timoun k ap chache alokasyon ta sipoze ranpli seksyon sa. Tache sa ki annapre a kote sa aplikab, epi tcheke kare a si li la.

- Kopi batistè oswa òdonans adopsyon (obligatwa).
- Dokiman ki etabli ou se gadyen legal pou nenpòt nan timoun moun Defen an, si ou pa paran yo.
- Papye ki montre nenpòt ki bofis/bèlfi oswa timoun ki fèt andeyo maryaj la te depann sou Defen an pou sipò.
- Dokiman sètifye ki soti nan yon enstitisyon fòmasyon akredite ki montre yon timoun ki gen ant 18 ak 23 zan enskri epi ale lekòl foultaym.
- Prèv andikape oswa avèg.

19. Map chache alokasyon konpansasyon aksidan travay pou timoun sa (sa yo), ki te sou kont Defen an pou sipò nan moman lanmò Defen an.

20. Kòm paran oswa gadyen legal timoun nan (yo) ki nan lis anba a, mwen mande pou yo rekonèt mwen kòm responsab legal pou yo e pou yo remèt mwen sou non yo nenpòt konpansasyon y ap ba yo.

21. Si mwen se moun ki legalman responsab pou timoun minè sa yo , mwen dakò pou ranpli rapò, chak ane oswa pi souvan, jan Prezidan Konsèy Konpansasyon Travayè mande sa, konsènan nenpòt depans nan nenpòt prim benefisyè minè.

22. Mwen se paran oswa gadyen legal timoun sa (yo) ki nan Tablo 1 epi/oswa 2.

Chak tablo sa yo konsène yon relasyon diferan kondisyon ki genyen ant timoun depandan yo, oumenm, ak Defen an. Souple reponn tout kesyon nan nenpòt tablo ki koresponn ak sityasyon w, epi sote nenpòt tablo ki pa koresponn. Ou ka gen pou w ranpli plis pase yon tablo.

Tablo 1. Timoun ki t ap viv ak defen an ak/oswa mwen menm. Souple reponn tout kesyon yo.

Non ak Siyati	Sa l ye pou Defen an	Sa l ye pou moun kap fè reklamasyon an	Dat li fèt	Eske timoun lan pa wè ditou? (W/N)	Eske timoun lan andikape nèt pou tout lavi li? (W/N)	Timoun lan te viv avèk mwen (W/N)	Timoun lan te viv ak Defen an (W/N)

Nimewo sosyal sekirite Defen an: _____

Tablo 2. Timoun ki pat viv avèk Defen an ni avèk mwen. Souple reponn tout kesyon yo.

Non ak Siyati	Sa l ye pou Defen an	Adrès	Sa l ye pou moun kap fè reklamasyon an	Dat li fèt

23. Tablo 3. Mwen pa gadyen legal timoun annapre a (yo), men dapre enfòmasyon ak sa mwen kwè ladann, men non tout lòt pitit Defen an:

Non ak Siyati	Sa l ye pou Defen an	Adrès	Dat li fèt

Seksyon 4: Paran oswa Granparan depandan

Se **paran oswa granparan depandan** k ap chache alokasyon ki dwe ranpli seksyon sa. Tcheke kare ki endike yon bagay gen ladann:

- Dokiman ki etabli ki relasyon ki genyen ant ou menm ak defen an (obligatwa).
- Dokiman (enpo sou salè, chèk, atestasyon labank, elatriye) ki montre Defen an te sipòte ou e li te peye depans ou (obligatwa).
- Odonans tribinal la oswa pwokirasyon an ou se reprezantan legal paran depandan an oswa granparan depandan epi w aplike sou non li (si sa aplikab).

24. Mwen deklare nan moman lanmò a, Defen an pa t gen yon mari oswa madanm li kite dèyè, oswa timoun depandan ki poko gen 18 lane (oswa ki poko gen 23 si yo enskri epi ale nan yon enstitisyon fòmasyon akredite kòm yon etidyan fountaym), oswa nenpòt timoun depandan ki avèk nèt oswa andikape nèt pou tout lavi li.

25. Moun ki mouri an se _____
(pitit oswa pitit-pitit)

26. Mwen _____
(te viv oswa pa te viv) _____ avèk Defen an nan moman lanmò li.

Nimewo sosyal sekirite Defen an: _____

Komisyon Konpansasyon Aksidan nan Travay Eta New York Afidavit pou Alokasyon nan ka Lanmò

27. Mwen te _____ Depann de Defen an paske
(nèt oswa an pati)

(esplike poukisa ou te depandan)

28. Nan moman lanmò Defen an, mwen te genyen e kontinye gen sous revni sa yo:

Sous revni (egzanp, travay, sosyal sekirite, elatriye.)	Kantite lajan ou te resevwa	Chak kilè

29. Nan moman Defen an mouri a, mwen te gen depans sa yo chak mwa:

Ki kalte depans	Montan depans yo

30. Defen an te konn peye depans sa yo pou mwen li menm.

Ki kalte depans	Moun ki legalman responsab pou depans yo	Montan depans yo	Koman moun ki mouri an te konn peye depans yo

Nimewo sosyal sekirite Defen an: _____

Seksyon 5: Frè ak sè oswa Pitit pitit Depandan

Se frè ak sè oswa pitit pitit depanndan k ap chache alokasyon ki dwe ranpli seksyon sa. Tache sa ki annapre yo kote sa aplikab ak reklamasyon ou an, epi tcheke kare a si yo la:

- Batistè tout depanndan yo (obligatwa).
- Odonans adopsyon tribinal la si depanndan se te pitit adopsyon oswa paran Defen an.
- Dokiman tankou deklarasyon enpo, chèk Defen an te bay, atestasyon labank, elatriye, ki montre Defen an t ap sipòte depanndan yo.
- Dokiman ki etabli ou se gadyen legal depanndan an, (si ou pa paran).

31. Mwen deklare ke nan moman lanmò a, Defen an pa te gen yon konjwen li kite dèyè, oswa timoun depanndan ki poko gen 18 lane (oswa ki poko gen 23 si yo enskri epi ale nan yon enstitisyon fòmasyon akredite kòm yon etidyan fouldaym), oswa nenpòt timoun depanndan ki avèg nèt oswa andikape nèt pou tout lavi li.

32. Mwen se _____ moun annapre yo, ki te sou kont Defen an:
(paran, responsab legal)

Non ak siyati depanndan	Sa l ye pou Defen an	Sa l ye pou moun kap fè reklamasyon an	Dat li fèt	Non, adrès Moun Depanndan ap viv kounya

33. Depanndan _____ te viv ak
(pitit pitit, pitit pitit yo, frè, frè yo, sè, sè yo)

_____ nan moman lanmò Defen an nan adrès sa:
(Defen oswa non lòt moun si se pa Defen a)

(lari, vil, eta, kòd postal)

34. Depanndan _____ te sou kont moun Defen an paske
(pitit pitit, frè ak sè)

(esplike poukisa yo te depanndan)

35. Mwen mande pou yo deziyen mwen kòm moun ki gen responsablite legal pou resevwa alokasyon pou peye yo, sou non pitit pitit oswa frè ak sè depanndan ki nan lis pi wo a.

36. Si mwen se moun ki responsab legal pou timoun pitit pitit ak/oswa frè ak sè depanndan, mwen dakò pou depoze rapò, chak ane oswa pi souvan, jan Prezidan Komisyon Konpansasyon Aksidan Travay mande sa, konsènan nenpòt depans nan prim alokasyon benefisyè minè a.

Nimewo sosyal sekirite Defen an: _____

Seksyon 6: Paran ki pa depandan

Se paran ki **pa depandan ki dwe ranpli seksyon sa**. Tache batistè Defen an. *Nòt: Alokasyon lanmò pou paran ki pa depandan yo se \$50,000 si yo marye youn ak lòt oswa \$50,000 si se yon sèl ki vivan. Si paran yo pa marye youn ak lòt, alokasyon an se \$25,000 pou chak, epi chak dwe depoze pwòp afidavit li.*

37. Mwen deklare Defen an nan moman lanmò li pa te marye; pa te gen okenn timoun ki poko gen laj 23 lane; nenpòt timoun depandan avèg oswa enfim; nenpòt pitit pitit, frè, oswa sè depandan ki poko gen 23 lane; ni okenn timoun depandan avèg oswa enfim, frè, oswa sè.

38. Kòm moun k ap viv epi ki pa depandan _____ Defen an nan moman lanmò a,
(paran oswa paran yo)

_____ reklame pou yo peye _____ sòm lajan bay
(nou oswa mwen) (\$25,000 oswa \$50,000)

_____ jan li nan lis anba la.
(nou oswa mwen)

(Non ak Siyati(yo))

(lari, vil, eta, ak Kòd postal kote w ap viv)

(nimewo telefòn ak tout aryè kòd)

Nimewo sosyal sekirite Defen an: _____

Seksyon 7: Repezantan Legal pou Byen Defen an

Repezantan legal pou byen Defen an dwe ranpli seksyon sa. Tache sa ki annapre yo kote sa aplikab, epi tcheke kare a si yo la:

- Dokiman ki montre otorite pou pozisyon repezantasyon pou Byen Defen an, tankou Lèt Testaman oswa Lèt Administrasyon (obligatwa).
- Kopi sètifika lanmò paran Defen an.
- Dokiman tankou enpo sou revni, chèk, atestasyon labank, elatriye ki montre Defen an te sipòte ou e li te peye depans ou yo.
- Tache batistè moun ki mouri an.

39. Mwen deklare nan moman lanmò a, defen an pa te marye; pa te gen okenn timoun ki poko gen 23 lane, nenpòt timoun depandan avèg oswa enfim; nenpòt pitit pitit, frè ak sè depandan anba 23 lane; nenpòt paran k ap viv; ni okenn pitit pitit oswa frè ak sè depandan avèg oswa enfim e oswa frè ak sè.

Mwen se repezantan legal pou byen Defen an.

Defen an nan moman lanmò li pa te marye; pa te gen okenn timoun ki poko gen laj 23 lane; nenpòt timoun depandan avèg oswa enfim; nenpòt pitit pitit, frè, oswa sè depandan ki poko gen 23 lane; ni okenn timoun depandan avèg oswa enfim, frè, oswa sè.

40. Paran defen an se te _____ ki te mouri nan dat _____
(non ak siyati) (mwa, jou ak ane)

41. Lòt paran defen an se te _____ ki te mouri nan dat _____
(non ak siyati) (mwa, jou ak ane)

42. Non pa m se _____ Adrès mwen se _____
(non ak siyati) (lari, vil, eta, ak kòd postal)

(lari, vil, eta, ak kòd postal)

e nimewo telefon mwen se _____
(nimewo telefòn ak tout aryè kòd)

43. Mwen mande pou sòm total \$50,000 la peye sou non mwen pou byen Defen an ki sou kont mwen jan sa ekri anwo a.

Nimewo sosyal sekirite Defen an: _____

Seksyon B: Tout Aplikan

Tout aplikan dwe ranpli paj sa epi fè notarye papye sa. Poste afidavit sa a ak tout atachman pou Komisyon Konpansasyon Aksidan Travay yo.

Lè mwen siyen non mwen anba la, mwen sèman deklarasyon ki fèt isit la yo se verite, epi mwen fè afidavit sa ak konesans gen penalite pou fo temwayaj. Apre sa mwen fè sèman mwen konprann lalwa a preskri penalite pou fo temwayaj pou fo deklarasyon ki fèt ak tout volonte an koneksyon avèk yon reklamasyon asirans.

Siyati (lank sèlman - itilize plim ble boul, si sa posib)

Fè sèman devan m _____

Jou ki te _____, 20_____

Notè Piblik

Nimewo sosyal sekirite Defen an: _____